# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० (मैथिली)
## पार्ट-I, पत्र-I
## (आदिकाल और मध्यकाल)
*वार्षिक परीक्षा, 2014*

समय : 3 घंटा    पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली साहित्यक काल विभाजन प्रसंग विभिन्न विद्वानक मतक उल्लेख करू।
2. मैथिलीक आदिकालीन सामग्रीक समीक्षा करू।
3. प्रमाणित करू जे सिद्ध साहित्य मैथिलीक प्राचीन सामग्री थिक।
4. वर्णरत्नाकरक विषयवस्तु पर प्रकाश दिअ।
5. मध्यकालीन मैथिली नाटकक परिचय दिअ।
6. मैथिली नाटक ओ अंकिया नाट्यक साम्य–वैषम्यक विश्लेषण करूँ।
7. नेपालोपलब्ध मैथिली नाटकक वैशिष्ट्य पर प्रकाश दिअ।
8. शंकरदेवक नाट्यकला सँ परिचय कराउ।
9. मैथिलीक प्रमुख नाटकक आधार पर शिव विषयक नाटककार लोकनिक विश्लेषण करू।
10. लीला नाटकक उदय आ विकास पर विचार करू।

### *Examination Programme, 2014*
### M.A. Maithili, Part–I

| Date | Paper | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 04.07.2014 | Paper–I | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 08.07.2014 | Paper–II | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 10.07.2014 | Paper–III | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 12.07.2014 | Paper–IV | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 14.07.2014 | Paper–V | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 16.07.2014 | Paper–VI | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 18.07.2014 | Paper–VII | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 22.07.2014 | Paper–VIII | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली)

## पार्ट-।, पत्र-।।

## (विद्यापति-युग ओ साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

समय : 3 घंटा                                                                 पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. ''विद्यापतिक युग के स्वर्ण–युग कहन जाइत अछि''–प्रमाणित करू ।

2. 'विद्यापतिक आध्यात्मिकता असंदिग्ध अछि ।' एहि कथनक पक्ष वा विपक्ष में मत प्रतिपादन करैत एक विस्तृत निबन्ध लिखू ।

3. विद्यापतिक अवहट्ठ रचना सँ परिचय कराउ ।

4. विद्यापति बहु देवोपासक छलाह, विवेचन करू ।

5. विद्यापति घोर श्रृंगारिक छथि–पदावलीक आधार पर प्रमाणित करू ।

6. विद्यापतिक नायिकाक मानक स्वरूप पर विचार करू ।

7. नायिकाक अभिसार ओ नायकक अभिसारक मनोभावक पारस्परिक तुलना करू ।

8. विद्यापति रससिद्ध कवि छलाह, प्रमाणित करू ।

9. विद्यापति पदावली में वर्णित शिव विवाहक वर्णन करू ।

10. निम्नलिखित अवतरणक व्याख्या करू :–

    (क) जय–जय भगवति भीमा भवानी । चारि वेदे अवतरू ब्रह्माणी ।।<br>
    हरि हर ब्रह्मा पुछइते भमे । एकओ न जान तुअ आदि भरमे ।।<br>
    भनइ विद्यापति राइ मुकुटमनि । जीबओ रूपनरायन नृप–धरनि ।।

    (ख) बेरि–बेरि अरे सिव भञ तोहि बोलओ<br>
    किरिसि करिअ मन लाए ।<br>
    विनु सरमे रहिअ, भिखिए पए, मॉगिअ गुन गौरव दुर जाए ।<br>
    निरधन जन बोलि सबे उपहासए, नहि आदर अनुकम्पा ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**
**पार्ट-I, पत्र-III**
**(भाषा-विज्ञान)**
***वार्षिक परीक्षा, 2014***

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भाषा विज्ञान सम्बन्धी पाश्चात्य ओ भारतीय विद्वानक मतक उल्लेख करू ।
2. भाषा विज्ञानक अध्ययनक महत्त्व पर विचार करू।
3. भाषा विज्ञान सँ कोनो छः शास्त्रक सम्बन्ध स्थापित करू।
4. भारोपीय भाषा परिवार पर एक निबंध लिखू।
5. भाषा परिवर्त्तनक बाह्य कारणक विश्लेषण करू।
6. ध्वनि विज्ञानक विभिन्न शाखा सँ परिचय कराउ।
7. टिप्पणी लिखू :–
   (क) वर्ण विपर्यय
   (ख) स्वरागम
   (ग) स्वर लोप
   (घ) व्यंजन लोप
8. शब्द–विकासक प्रणालीक विश्लेषण करू।
9. अर्थ–परिवर्त्तनक प्रमुख सिद्धान्तक व्याख्या करू।
10. भाषा–संप्रेषण सँ की तात्पर्य तकर प्रणालीक विस्तृत चर्चा करू।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-IV**

**(संस्कृत एवं अवहट्ठ)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक भारतीय आर्य भाषाक आधार थिक संस्कृत एवं अवहट्ठ, प्रमाणित करू ।
2. कालिदासक प्रकृति चित्रणक सन्दर्भ में अपन विचार व्यक्त करू ।
3. कालिदासक रघुवंशक द्वितीय सर्गक कथानक लिखू ।
4. पुरूषपरीक्षाक उद्देश्य सँ परिचय कराउ ।
5. पुरूषपरीक्षाक आधार पर विद्यापतिक भाषा–शैली पर अपन स्वतंत्र विचार लिखू ।
6. पुरूषपरीक्षाक आधार पर सुबुद्धि कथाक कथावस्तु लिखू ।
7. पुरुषपरीक्षाक आधार पर दानवीर कथाक वैशिष्ट्य लिखू ।
8. कीर्तिलता एक ऐतिहासक काव्य थीक, समीक्षा करू ।
9. कीर्तिलताक तृतीय एवं चतुर्थ पल्लवक विषयवस्तु लिखू ।
10. निम्नलिखित अवतरणक मैथिली में अनुवाद करू ।

    (क) स्वकार्याणि स्वयं राजा यो मोहन्नावलोकते ।<br>
    चौरानिद्रा गतस्येव भजन्तेऽस्य धन परे ।।

    (ख) क्षुधा निद्रा भयं क्रोधः प्रमादौ मैथुनं घुणा ।<br>
    पशुसाधारणा धर्माः संभवन्त्यधियामपि ।

    (ग) सज्जन चिन्तई मनहि मन मित करिअ सब कोए ।<br>
    (बेर करन्ता ममउ) जइ दुज्जन बेरि न होए ।

    (घ) अरि कुञ्जर पञ्जर सल्लि रह रूहिर धार गए गगन भर ।<br>
    रा किति सिंह कज्जबसं वीर सिंह सङ्गाम कर ।

ꣻ ꣻ ꣻ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-V**

**(गद्य साहित्य-कथा एवं यात्रा)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली कथा साहित्यक विकास यात्रा पर संक्षिप्त निबन्ध लिखू ।
2. प्रारम्भिक कथाकार मे कुमार गंगानन्द सिंहक स्थान निरूपित करू ।
3. 'मधुरमनि' कथाक समीक्षा करू ।
4. मायानन्द मिश्रक साहित्यिक परिचय दिअ ।
5. 'साँझक गाछ' मे कथाकारक जीवन–दृष्टिक विलक्षण चित्रण भेल अछि–स्पष्ट करू ।
6. रेणुक कथा में मिथिलाक निम्नवर्गीय सामाजिक जीवनक चित्र अंकित अछि–स्पष्ट करू ।
7. कथाकारक रूप में प्रो० हरिमोहन झाक मूल्यांकन करू ।
8. रामक चरित्र नारी विरोधी रहल, समीक्षा करू ।
9. डॉ० रामदेव झाक 'एक खीरी : तीन फाँक' कथा संग्रहक विश्लेषण करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

    (क) येह धर्म तऽ हमरा लोकनि के चौपट करा देलक । पृथ्वी पर वैह जाति जीवित रहि सकैत अछि जकरा मे भक्षण करबाक सामर्थ्य छैक ।

    (ख) ओ तँ मात्र ममता, स्नेह आ आत्मीयता सँपरिचित छलाह । दण्ड कहियो ककरो नहि देलथिन । मृत्यु सँ पूर्व अपन जीविकाक हेतु संघर्ष करैत काल सेहो मात्र आत्मरक्षा में लागल रहलाह, दण्ड व प्रतिहिंसाक बात नहि उठलनि मोन मे ।

ꕥ ꕥ ꕥ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-VI**

**(मुक्तक काव्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. विद्यापतिक काव्य प्रतिभाक मूल्याकंन करू ।
2. विद्यापतिक गीतक वैशिष्ट्य देखाउ ।
3. गोविन्ददासक काव्यक रचना विधानक निरूपण करू ।
4. गोविन्ददासक भक्ति भावना सँ परिचय कराउ ।
5. आरसी प्रसाद सिंहक व्यक्तित्व एवं कृतित्व सँ परिचय कराउ ।
6. 'बाढि हकरोश' एवं 'महगी' कविताक आधार पर मिथिलाक चित्रांकन करू ।
7. यात्रीजीक कविता में आम जनताक अन्तःकरणक मार्मिक चित्रण भेल अछि । स्पष्ट करू ।
8. 'बूढ़वर' एवं 'विलाप' कविताक भाव स्पष्ट करू ।
9. सुरेन्द्र झा सुमन कँ काव्य रचनाक हेतु कोन–कोन तत्त्व प्रेरित करैत अछि ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) भेल अछि उन्मुक्त जीवन
तोड़ि कऽ आलस्य–बन्धन
आइ प्राते करऽ लागन अछि
मनोरथ–भ्रमर गुंजन ।

(ख) वेदान्त कहथि सब थिक अनित्य,
अछि किन्तु अहँक अस्तित्व नित्य ।
रवि खसथि साँझ, राशि झरथि भोर,
नहि ज्वलित तेज हो शमित तोर ।
बनि एकमात्र तेजक निधान,
छी ज्योतिमान नित हे श्मशान ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**
**पार्ट-I, पत्र-VII**
**(काव्य शास्त्र)**
*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. काव्य परिभाषा ओ लक्षण पर विचार करू।
2. भाषा ओ स्वरूपक आधार पर काव्यक भेदक परिचय दिअ।
3. लक्षणा शब्द शक्तिक परिभाषा दैत ओकर विभिन्न भेदक विश्लेषण करू।
4. रसक परिभाषा लिखैत रसक भेद सँ परिचय कराउ।
5. ध्वनि सम्प्रदायक प्रवर्त्तक के छथि। ध्वनि सम्प्रदायक स्थापनाक उल्लेख करू।
6. गुणक परिभाषा दैत ओकर विभिन्न भेदक सोदाहरण वर्णन करू।
7. निम्नलिखित दोष पर टिप्पणी लिखू :–
   श्रुति कटुत्व दोष, प्रतिकूल वर्णनता दोष, क्लिष्टता दोष, कष्ट कल्पना
8. अलंकारक स्वरूप निर्धारण करैत काव्य में अलंकारक महत्व पर प्रकाश दिअ ।
9. निम्नलिखित अलंकार और छन्दक सोदाहरण परिभाषा लिखू :–
   उपमा, उत्प्रेक्षा, दोहा, चौपाई
10. अरस्तूक अनुकरण–सिद्धान्तक समीक्षा करू।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० (मैथिली)
## पार्ट-I, पत्र-VIII
## (निबंध आ लोक साहित्य)
*वार्षिक परीक्षा, 2014*

समय : 3 घंटा पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली निबन्ध साहित्यक उद्‌भव एवं विकासक परिचय दिअ।
2. मैथिली में विद्यापति पर भेल समीक्षात्मक कार्य सँ परिचय दिअ।
3. मैथिली महाकाव्य विकास यात्रा पर विस्तार सँ लिखू।
4. मुक्तक आधुनिक काल पर प्रकाश दिअ।
5. कोनो दो उपन्यासकार पर टिप्पणी लिखू।
   (क) हरिमोहन झा
   (ख) बैद्यनाथ मिश्र
   (ग) प्रभास कुमार चौधरी
6. मैथिलीक आधुनिक कथाक विकास पर विस्तृत रूपँ विमर्श करू।
7. मैथिली लोकसाहित्यक विकासक कथा लिखू ।
8. मैथिली लोक–नाट्‌यक सामान्य विशेषताक विवेचन करू।
9. 'हिरामनि सुगा' लोककथाक आधार पर ओजीरक बेटीक चरित्र–चित्रण करू।
10. मैथिली लोकगीतक अन्तर्गत ऋतु गीतक स्वरूप विधानक विश्लेषण करू।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-II, पत्र-IX**

**[मैथिली साहित्य का इतिहास (आधुनिक काल)]**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली साहित्यक इतिहासक आधुनिक कालक पृष्ठभूमि पर एकटा विस्तृत निबन्ध लिखू ।
2. कवीश्वर चन्दा झा युग प्रवर्त्तक छलाह, सिद्ध करू ।
3. मैथिली मुक्तक काव्यक उद्‌भव ओ विकास पर एकटा विस्तृत लेख लिखू ।
4. मैथिली कथा में सामाजिक द्वन्दक चित्रण भेल अछि, सयुक्ति लिखू ।
5. कन्यादान उपन्यास सँ पूर्वक उपन्यासक स्वरूप निर्धारित करू ।
6. मैथिली एकांकीक विकास में रंगमंचक भूमिका पर विचार करैत एकांकीक उद्‌देश्य के निरूपित करू ।
7. मैथिली निबंध साहित्यक विकास पर एकटा विस्तृत लेख लिखू ।
8. आलोचनात्मक प्रकारक विवेचन करैत मैथिली आलोचना में प्रयुक्त आलोचना पद्धति पर प्रकाश दिअ ।
9. "मैथिली पत्रकारिताक इतिहास अति प्राचीन नहि अछि ।" इह कथन पर विचार करैत मैथिली पत्रकारिता विकास पर अपन विचार दिअ ।
10. मैथिलीक नियतकालीन पत्रिका आ अनियतकालीन पत्रिका पर एक लेख लिखू ।

***Examination Programme, 2014***

**M.A. Maithili, Part-II**

| Date | Papers | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 21.04.2015 | Paper-IX | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 23.04.2015 | Paper-X | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 25.04.2015 | Paper-XI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 27.04.2015 | Paper-XII | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 29.04.2015 | Paper-XIII | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 01.05.2015 | Paper-XIV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 05.05.2015 | Paper-XV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 07.05.2015 | Paper-XVI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-II, पत्र-X**

**(चंदा झा युग ओ साहित्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. चंदाझाक साहित्यक पृष्ठभूमि की छल? परिचय दिअ ।
2. चंदाझाक रचित पद्य ओ गीतक वैशिष्ट्य लिखू ।
3. चंदाझाक अनुवाद मैथिली गद्य साहित्यिक आधार बनल, सयुक्ति विवेचन करू ।
4. मैथिली साहित्य में राम काव्य परम्पराक सम्बन्ध में एकटा निबंध लिखू ।
5. सुन्दरकाण्ड आधार पर हनुमानक चरित्र चित्रण करू ।
6. लालदासक रामायण में वर्णित विभिन्न ऋतुक वर्णन करू ।
7. लालदासक रामायणक बालकाण्ड में आएल प्रासंगिक पौराणिक कथा सभक उल्लेख करू ।
8. रमेश्वर चरित मिथिला रामायणक आधार पर बालकाण्डक मुख्य कथावस्तु सँ परिचय कराउ।
9. चंदा झा एवं लालदासक रामायणक वस्तु विधानक आधार पर अंतर स्पष्ट करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू –

(क) हा रघुनाथ अनाथ जकाँ, दशकण्ठपुरी हम आइलि छी ।
सिंहक त्रास महावनमे हरिणीक समान डराइलि छी ।
चन्द्रचकोर अहैंक सदा, हम शोक समुद्र समाइलि छी ।
देवर दोष कहू हम की, अपना अपराध सँ काइलि छी ।

(ख) हम अपराधी जे किछु कहिय । नीति जानि से सभ हम सहिय ।
छल पिनाक धनु पड़ल अलग्न । हमरहि छुबितहि भय गेल भग्न ।
क्षमा करब अपने तप अयन । सुनि मुनि युनि बजला रूषि वमन ।।
हमर गुरूक घनुषा कै भंग । बाढ़ल मन अभिमान तरंग ।।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली)

## पार्ट-II, पत्र-XI

## (भाषा विज्ञान)

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

समय : 3 घंटा | पूर्णांक : 80

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भारोपीय परिवारक नामकरण पर विचार कए सर्वसम्मत मत पर प्रकाश दिअ ।
2. मध्यकालीन भारतीय आर्यभाषाक विकासक परिचय दिअ ।
3. मैथिलीक विभिन्न बोली सँ परिचय कराउ ।
4. विकास क्रमक आधार पर शब्दक विश्लेषण करू ।
5. शब्दक आगम, लोप एवं विपर्यय सँ परिचय कराउ।
6. वाक्यक परिभाषा दैत ओकर निकटस्थ अवयव सँ परिचय कराउ।
7. वाक्यक प्रकार एवं वाक्य विश्लेषणक वर्णन करू।
8. क्रियापदक सोदाहरण विवेचना करू ।
9. देवनागरी लिपिक विकासक वर्णन करू।
10. ब्राह्मी आ खरोष्ठी मे की भेद अछि। स्पष्ट करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-II, पत्र-XII**

**(मैथिली उपन्यास)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली मे उपन्यासक विविध रूप से परिचय कराउ ।
2. मैथिली उपन्यासक शिल्प विवेचन पर प्रकाश दिअ ।
3. कन्यादानक वैशिष्ट्य विश्लेषण करू ।
4. बुच्ची दाइक चरित्र–चित्रण करू ।
5. यात्रीजीक व्यक्तित्वक निरूपण करू।
6. नवतुरियाक आधार पर मिथिलाक तत्कालीन स्थितिक वर्णन करू ।
7. पृथ्वीपुत्र उपन्यास में उद्देश्यक आधार पर कथानकक निर्माण कएल गेल अछि, स्पष्ट करू ।
8. लोरिक विजय उपन्यास लोक संघर्षक सप्राण दस्तावेज थिक । एहि कथनक सार्थकता कँ सिद्ध करू ।
9. "मानवकल्प" उपन्यासक कथानक संक्षेप में लिखूं ।
10. मारीचिका उपन्यासक कथानक एवं उद्‌देश्य पर निबन्ध लिखू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली)

## पार्ट-II, पत्र-XIII

## (मैथिली नाटक एवं एकांकी)

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. नाटकक तत्त्वक भारतीय आचार्यक मतक विश्लेषण करू ।
2. कीर्त्तनिञाँ नाटकक वैशिष्ट्य सँ परिचय कराउ ।
3. पारिजातहरणक नाटकीयताक विश्लेषण करू ।
4. सामवती पुनर्जन्म मे प्रयुक्त पात्र सॅ परिचय कराउ ।
5. आतंक नाटकक कथावस्तु सँ परिचय कराउ ।
6. 'हाथी के दाँत एकांकीक माध्यम सँ' प्रबोधनारायण सिंह की कहय चाहैत छथि, स्पष्ट करू ।
7. मोछ संहार एकांकीक उद्देश्य निरूपित करू ।
8. एकांकीकार महेन्द्रमलंगियाक साहित्यिक वैशिष्ट्य सँ परिचय कराउ ।
9. टिप्पणी लिखूं :–
   (क) सुधांशु शेखर चौधरी (ख) नायकक भेद
   (ग) लीला नाटक (घ) नाटककार उमापति
10. सप्रसंग व्याख्या करू –
    (क) जे व्यक्ति अपने कोनो जोगरक नै रहैए सैह समाजक कुलशीलक नाक झंडा टङने फिरैए आ जकरा अपन वॉहिक भरोस रहै छै से घर–परिवार वा समाजक बोझ नै बनिक अपने हाथ पयर लाड़ब पसिन्ह करैए ।

    (ख) ओह! ओह! अहाँक मने हम भरि जन्म अहाँक घर में बहिकिरनी भेल रही । हम मनुक्ख नहि छी ? अहाँ लोकनि कैँ जे मन आबय से करी; मुदा हमरा मने................. ।

ॐ ॐ ॐ

नालन्दा खुला विश्वविद्यालय के **M.A. Maithili, Part-II** के सभी विद्यार्थियों को सूचित किया जाता है कि दिनांक 27.04.2015 की परीक्षा जो भूकम्प के कारण स्थगित कर दी गयी थी, अब दिनांक 08.05.2015 को अपने पूर्व निर्धारित समय एवं स्थान पर आयोजित होंगी । परिवर्तित विस्तृत परीक्षा का कार्यक्रम नीचे दिया जा रहा है, अतः विद्यार्थीगण नीचे दिये जा रहे परीक्षा कार्यक्रम के अनुसार हीं परीक्षा में सम्मिलित होने हेतु परीक्षा स्थल पर उपस्थित होवें ।

***Revised Examination Programme, 2014***

**M.A. Maithili, Part-II**

| Date | Papers | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 21.04.2015 | Paper-IX | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 23.04.2015 | Paper-X | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 25.04.2015 | Paper-XI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 29.04.2015 | Paper-XIII | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 01.05.2015 | Paper-XIV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 05.05.2015 | Paper-XV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 07.05.2015 | Paper-XVI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| **08.05.2015** | **Paper-XII** | **8.00 AM to 11.00 AM** | **Nalanda Open University, Patna** |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-II, पत्र-XIV**

**(मैथिली प्रबन्ध-काव्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली महाकाव्यक प्रवृत्ति के निरूपित करू।
2. रसक महत्ता निरूपित करैत महाकाव्यक रस निर्धारण करू।
3. मैथिली महाकाव्य मे वर्णित प्रकृति वर्णन पर दृष्टि दैत ओकर विभिन्न स्वरूप सँ परिचय कराउ।
4. मैथिली महाकाव्यक विकास सँ परिचय कराउ।
5. कृष्ण जन्म महाकाव्यक विषय–वस्तु सँ परिचय कराउ।
6. "अगस्त्यायनी एक सफल महाकाव्य थीक" ई कथनक प्रमाणित करू।
7. चाणक्य महाकाव्य मे राष्ट्रीय भावनाक विकास भेल अछि। विवरण प्रस्तुत करू।
8. खण्ड काव्यक तत्त्व निर्धारित करैत महाकाव्य संग एकर तुलना करू।
9. पतन खण्ड काव्यक विशेषता अपना शब्द में लिखू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

    (क) सर्व सहा नाम सँ आज सपथ करिअ हम अएलहुँ बाज ।
    नाम अनाथक सारंग पानि सरन दिअ सरणागत जानि।

    (ख) मानव जखन मानवता कँ अपनाओत ।
    परहित स्वधर्म पर आगु पैर बढ़ाओत ।।
    कय अपन हृदय परिवर्तन प्रेम बढ़ाओत ।
    सम्पूर्ण विश्व कँ परिवर्तित कय पाओत ।।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-II, पत्र-XV**

**(आधुनिक काव्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक मैथिली काव्यधारक विकासक रूप रेखा सँ परिचय कराउ ।
2. 'युगवाणी' कविताक आशय स्पष्ट करू ।
3. काशीकान्त मिश्र 'मधुप' क मैथिली साहित्य में योगदानक निरूपण करू ।
4. 'मानवमन' कविताक भाव व्यक्त करू ।
5. 'प्रतिज्ञा' शीर्षक कविताक समीक्षा करू ।
6. 'पिता–पुत्र संवाद' कविताक प्रतिपाद्य स्पष्ट करू ।
7. 'पुरानक मृत्यु आ नव वर्षक जन्य' कविताक समीक्षा करू ।
8. 'प्रवास' कविताक संदेश निरूपित करू ।
9. 'खाली आकाश' कविताक मूल भाव व्यक्त करू ।
10. व्याख्या करू :–

    (क) सूर्य कोल्हुआ बड़द, जेकाँ जोतल अछि
    दम टुट्टू, असहाय, उकासी करैत
    सूर्य मरि जाएत
    बन्न कोठरी मे औनाइ सूर्य अवश्य मरि जायत ।

    (ख) काय लेल आचमन सागर सँ
    नहि हमर अगस्त्यक तृषा दूर
    बलि छलि घापैँ नापल जगती
    नै भेल बामलो भीख पूर

ꙮ ꙮ ꙮ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली)

## पार्ट-II, पत्र-XVI

## (मैथिली समालोचना एवं पत्र-पत्रिका)

*वार्षिक परीक्षा, 2014*

समय : 3 घंटा | पूर्णांक : 80

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली मे प्रारंभिक आलोचनात्मक स्थिति से अवगत कराउ।
2. मैथिली पत्र–पत्रिका अल्प जीवी रहल तकर कारणक उल्लेख करू।
3. रमानाथ झा मैथिली साहित्य मे कोन प्रकारँ प्रसिद्ध भेलाह वर्णन करू।
4. 'समालोचना शास्त्र' क विषयवस्तुक संक्षेप में परिचय दिअ।
5. जयकान्त मिश्रक विविध विधा मे देल गेल आलोचनाक सारांश लिखू।
6. डॉ0 रामदेव झाक भूमिका लेखनक विश्लेषण करू।
7. डॉ0 बासुकीनाथ झाक आलोचनाक साहित्य सँ परिचय कराउ।
8. मोहनभारद्वाजक तुलनात्मक आलोचनाक वैशिष्ट्य देखाउ।
9. 'मिथिला मिहिरक' ऐतिहासिक एवं साहित्यक अवदान विषय सँ अहाँ की बुझैत छी विस्तार सँ लिखू।
10. परिचय दिअ :–
    (क) वैदेही (ख) सोनामाटि
    (ग) आँकुर (ग) पूर्वोत्तर मैथिल

❀ ❀ ❀

नालन्दा खुला विश्वविद्यालय के **M.A. Maithili, Part-II** के सभी विद्यार्थियों को सूचित किया जाता है कि दिनांक 27.04.2015 की परीक्षा जो भूकम्प के कारण स्थगित कर दी गयी थी, अब दिनांक 08.05.2015 को अपने पूर्व निर्धारित समय एवं स्थान पर आयोजित होंगी । परिवर्तित विस्तृत परीक्षा का कार्यक्रम नीचे दिया जा रहा है, अतः विद्यार्थीगण नीचे दिये जा रहे परीक्षा कार्यक्रम के अनुसार हीं परीक्षा में सम्मिलित होने हेतु परीक्षा स्थल पर उपस्थित होवें ।

***Revised Examination Programme, 2014***

**M.A. Maithili, Part-II**

| Date | Papers | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 21.04.2015 | Paper-IX | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 23.04.2015 | Paper-X | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 25.04.2015 | Paper-XI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 29.04.2015 | Paper-XIII | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 01.05.2015 | Paper-XIV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 05.05.2015 | Paper-XV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 07.05.2015 | Paper-XVI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| **08.05.2015** | **Paper-XII** | **8.00 AM to 11.00 AM** | **Nalanda Open University, Patna** |